



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 20 septanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY OTORIZASYON POU TRANSFERE TRYON BOYS AND GIRLS CENTER NAN
FULTON COUNTY IDA**

***IDA Pral Kreye Tryon Technology Park and Incubator Center avèk yon Sibvansyon \$2 Milyon Dola nan
REDC pou Atire Nouvo Envestisman epi pou Kreye Anpil Djòb nan Mohawk Valley***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Administrasyon Empire State Development (ESD) bay otorizasyon pou transfere Tryon Boys and Girls Center (Bilding Tryon) nan Fulton County Industrial Development Agency (FCIDA) pou re-devlopman.

Y ap transfere Tryon Facility nan FCIDA pou gratis, pou pèmèt IDA vanse avèk plan pou re-devlope plis pase yon sipèfisi 500 ak tè kòrèkteman nan vilaj Perth ak Johnstown an yon pak biznis endistriyèl ak komèsyal. Yo prevwa Tryon Technology Park and Incubator Center ki pwopoze a pral atire anpil nouvo investisman pou kreye anpil santèn nouvo djòb nan Mohawk Valley.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Mwen toujou di gouvènman an dwe bay plis rannman, li dwe pi efikas ak pi responsab – epi pwomès sa a aksyon ki fèt jodi a. Lè mwen te vizite Enstalasyon Tryon, mwen te jwenn yon bilding ki vid ak nan move kondisyon kote lajan kontribiyab yo te pral gaspiye, men kounye a li gen yon nouvo kòmansman kòm yon kote pou teknoloji dènye modèl ak pou kreyasyon djòb k ap sipòte ekonomi lokal la.”

Enstalasyon Tryon se youn nan onz (11) sant koreksyonèl ak jivenil Eta New York yo te fèmen ane pase kòm yon pati nan plan Gouvènè Cuomo pou gwoupe sèvis gouvènman an, epitou pou ogmante efikasite sistèm sant jistis jivenil lan. Biwo Sèvis Jeneral Eta New York (OGS), Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (OCFS), Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominote (DOCCS) ak ESD te gen responsablite pou asire dispozisyon gwo pwopriyete enstitisyonèl sa yo. Yo te detèmine transfè Enstalasyon Tryon nan FCIDA ta pwodui pi gwo avantaj ekonomik pou zòn lokal la, pou kreye anpil djòb epitou pou ogmante asyèt fiskal la. Plan an gen ladan yon re-devlopman Enstalasyon Tryon pou \$3,14 milyon dola an yon pak biznis, k ap jwenn sipò yon sibvansyon \$2 milyon dola yo bay nan premye seri sibvansyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (REDC) Gouvènè Cuomo.

Haitian Creole

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon ESD, Kenneth Adams, di konsa, “Transfè enstalasyon Tryon reprezante aklè de (2) nan priyorite Gouvènè a - vrè dimansyon gouvènman an ak kreyasyon djòb. Lè Gouvènè Cuomo fèmen enstalasyon sa a, li montre angajman li pou itilizasyon lajan kontribiyab yo yon fason ki responsab, pandan objektif li sou re-itilizasyon Tryon kòm yon pak biznis montre devouman li pou rebati ekonomi New York.”

Manm Komisyon Biwo Sèvis Jeneral RoAnn Destito, di konsa, “Gouvènè Cuomo montre aklè kijan gouvènman eta a bezwen opere avèk plis efikasite, epi pou travay anpil avèk gouvènman lokal yo pou ogmante posiblite pou moun New York. Transfè sa a, lè li fini, ap reyalize toulède priyorite yo. Eta a p ap depans lajan kontribiyab yo ankò pou fè antretyen nan yon pwopriyete li pa bezwen, epi Konte Fulton ap gen yon resous li kapab vann sou mache a pou atire nouvo biznis ak djòb.”

Manm Komisyon OCFS, Gladys Carrión, di konsa, “Enstalasyon Tryon se te yon pati enpòtan rejyon an. Epi mwen kontan paske l ap kontinye sèvi kòm yon resous ekonomik enpòtan nan avantaj kominote a. Chanjman objektif pwopriyete Tryon ap pwoteje investisman eta nou an te fè nan enstalasyon an pandan plizyè deseni, epi kounye a l ap yon pati nan devlopman an pandan plis ane k ap vini.”

James Mraz, Direktè Egzekitif FCIDA, di konsa, “Re-devlopman ansyen Kanpis Tryon reprezante yon kokennchenn posiblite pou pran yon konsekans negatif, fèmti ansyen Tryon Boys and Girls Center ak pèt anpil djòb, epitou pou fè li vin yon posiblite pozitif pou kreye nouvo djòb pou Rejyon Konte Fulton. FCIDA apresye relasyon travay nan tèt ansanm yo te kreye ant limen, Gouvènè Cuomo, Biwo Gouvènè a, ESD, NYSOGS, Senatè Farley, Manm Asanble Butler, Konsèy sipèvizè Konte Fulton, Vilaj Perth ak Johnstown, ak Vil Gloversville pou konplete tranzaksyon istorik sa a.”

Transfè enstalasyon an enpòtan depannde apwobasyon final biwo Pwokirè Jeneral Eta New York ak Biwo Kontwolè Finansye Eta New York.

Re-devlopman Enstalasyon Tryon an yon pak endistriyèl jwenn sipò lokal toupatou, epi yo te idantifye li kòm yon pwòje ki gen enpòtans rejyonal nan plan estratejik Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley te adopte nan mwa novanm 2011. Transfòmasyon Bilding Tryon an Sant Tryon sou lis pou kòmanse avèk travay konsepsyon ane sa a epi pou li fini nèt nan mwa desanm 2015.

Ko-Prezidan Konsèy Rejyonal Lawrence T. Gilroy III, Prezidan Gilroy, Kernan & Gilroy Inc and Bjong Wolf Yeigh, Prezidan SUNYIT, di konsa, “Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valley rekonèt enpak enpòtan ak pozitif kominote toupre yo, epi li kontan pou wè kijan aksyon rekòmande li pou transfere enstalasyon an nan IDA ap vanse. Fèmti sant detansyon an te kreye yon posiblite aklè pou kwasans ekonomi nan rejyon an, epitou re-itilizasyon sant lan kòm yon pak biznis ap annamoni toutbon avèk vizyon alontèm Konsèy la pou yon Mohawk Valley ki gen pwosperite.”

Manm Asanble Marc Butler di konsa, “Sa a se yon devlopman ki enteresan pou Konte Fulton. Senatè Farley ak mwen te kontan pou travay avèk ofisyèl lokal yo pou fè sa vin pozitif. Nou kontan paske nou te

Haitian Creole

fè etap sa a, epi nou pa ka tann pou efò kolaborasyon nou san pran souf pou fè sa vin yon reyalite. Mwen di Konsèy Administrasyon ESD mèsè pou vòt pozitif yo.”

Senatè Hugh T. Farley di konsa, “Aksyon jodi a reprezante yon etap ki enpòtan ak nesèsè pou retounen pwopriyete sa a nan itilizasyon pwodiktif. Mwen apresye efò Gouvènè a ak Konsèy ESD pou travay avèk Konte Fulton sou pwojè sa a, yo prevwa k ap nan avantaj ekonomi rejyonal ak kreye djòb ki nesèsè. Mwen pa ka tann pou pwogrè k ap kontinye nan konvèti enstalasyon sa a an yon pak teknoloji pwodiktif.”

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Fulton, Michael F. Gendron, di konsa, “Antan Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Fulton, mwen kontan epi mwen gen anpil rekonesans paske Konsèy Administrasyon Empire State Development ap jwenn otorizasyon pou transfere yon espas ki mezire plis pase 500 ak tè nan Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Fulton. Anpil moun te travay san pran souf sou detay transfè sa a. Mwen ta renmen sitou di yon mèsè espesyal pou Ken Tompkins ki nan Empire State Development ak ekip li ak Direktè Planifikasyon nou an, Jim Mraz pou devouman yo pou pwojè sa a. Mwen pa ka tann pou pwochen faz sa ki pral rele Tryon Technology and Incubator Center.”

FCIDA gen yon dosye ak eksperyans nan rechèch nan devlopman, operasyon, ak jesyon pak biznis nan Konte Fulton. FCIDA te responsab pou devlopman Glove Cities Industrial Park, Crossroads and Johnstown Industrial Parks ak Crossroads Business Park avèk siksè. Chak nan pak endistriyèl sa yo nan oswa toupre kapasite, ki limite kapasite FCIDA pou atire nouvo biznis nan Konte Fulton.

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo djòb ak opòtinite ekonomik, ogmante revni pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan prete yo, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm bourad lajan, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon djòb, epitou pou sipòte kominote pwospè yo nan Eta New York. ESD se ajans administratif prensipal k ap sipèvizè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo ak maketing mak touris ikonik “I Love NY” Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou Entènèt nan sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418